# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

स्वतंत्र निष्पक्ष अउर पारदरसी चुनाव क सेवा उपलब्ध करावे बदे भारत निर्वाचन आयोग की ओरि से विकसित प्रौद्योगिकी सुविधा पोर्टल के प्रति लोगिन क रूझान बढ़ि रहल हौ। आयोग बतवलस कि आम चुनाव दुई हजार चौबीस क घोसणा के बाद से खाली बीसे दिन में सुविधा पोर्टल पर तिहत्तर हजार से बेसी आवेदन मिलल हौ। सुविधा पोर्टल के जरिया से चुनाव परचार समय क महातम के देखत रैली आयोजित करे, अस्थाई पारटी कार्यालय खोले, घरे–घरे जाके परचार वीडियो वैन, हेलीकॉप्टर, वाहन परमिट लेवे अउर परचार क समान बंटले क अनुमति लिहल जा सके ला।

आयोग कहलस कि मिलल अनुरोध में से चउवालीस हजार छौ सौ से बेसी मंजूर कइल गइल हौ। एह प्रौद्योगिकी के जरिया से दलन अउर ओम्मेदवारन बदे समान रूप से सुविधा सुनिस्चित कइल जा रहल हौ। आयोग इहो बतवलस कि एकरे जरिये करीब इग्यारह हजार दुइ सौ अनुरोध खारिज कइल जा चुकल हौ अउर दस हजार से बेसी रद्द कइल गइल हौ। बाकी आवेदन अबहिन प्रक्रिया में हौ। आयोग कहले हौ कि सज्जों हितधारकन के समान अवसर उपलब्ध करावे बदे ऑफो लाइन आवेदन कइल जा सके ला।

**********

भाजपा क सीनियर नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु मऊ जिला क दौरा कइ के सोसल मीडिया कार्यकरता सम्मेलन में हिस्सा लिहले। उहां के घोसी संसदीय क्षेत्र से एनडीए समरथित भारतीय सुहेलदेव समाज पारटी क ओम्मेदवार अरविन्द राजभर के जीति खातिर कार्यकरता लोगिन के साथे रणनीति पर बिचार–बिमर्स कइलीं। उहां क कहली कि भाजपा क राजनीति अउर राष्ट्रनीति सबका साथ सबका विकास सबका सम्मान अउर सबका स्थान हवे। ओहर केन्द्रीय मंत्री जनरल वी के सिंह भाजपा के सोसल मीडिया कार्यकरता के भदोही जिला में संबोधित कइलें। उहां के कहली कि सेना अउर भाजपा दुन्नो क सोचि एक्के हौ अउर दुन्नो खातिर देस सबसे उप्पर हौ।

**********

समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव आजु गाजीपुर के मोहम्मदाबाद क दौरा कइ के सजा पा चुकल पूर्व विधायक स्वर्गीय मुख्तार अंसारी के परिवार से भेंटि कइलें। उहां के सोक संतप्त परिवार के प्रति पारटी के ओरि से संवेदना जतवलीं। उहां के अपने सोसल मीडिया एकाउंट एक्स पर कइल गइल पोस्ट में लिखलीं कि अपने सरकार में पूर्व विधायक के मउति क कारण सबके सामने ले अइहें अउर उनके परिवार के न्याय मिली। पछिला दिनन बांदा जेलि में बंद सजा पावल अउर कई मामलों मे विचारधीन पूर्व विधायक मुख्तार अंसारी क दिल क दौरा परले से अस्पताले में मउति हो गइल रहे।

**********

बिसेस एमपी–एमएलए अदालति बलुंदशहर सहर सीटि से भाजपा विधायक प्रदीप चौधरी के चुनाव परचार कइले पर रोकि लगा दिहले हौ। अदालति के ओरि से एह संबंध मे निर्वाचन आयोग, जिला निर्वाचन अधिकारी अउर वरिष्ठ पुलिस अधिक्षक के चिट्ठी भेजल गइल हौ। अदालति ई आदेश सालि दुई हजार बाइस के दरज आदर्स आचार संहिता के उल्लंघन क एगो मामिला में उनके उपस्थित न भइले के नाते दिहले हौ।

**********

राजस्थान क राज्यपाल कलराज मिश्र अउर प्रदेस क विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना आजु अजोध्या पहुंचि के श्रीराम मंदिर में रामलला क दरसन–पूजन कइलें। परिवार के साथे पहुंचल राज्यपाल कलराज मिश्र क महिर्षि वाल्मीकि एयरपोर्ट पर स्वागत कइल गइल अउर गार्ड ऑफ ऑनर लिहले के बाद उहां के मंदिर पहुंचि के पूजा–अर्चन कइलीं। एह मौका पर उहां के श्रीराम मंदिर आन्दोलन से जुड़ल आपन संस्मरण साझा कइलीं अउर कहली कि अजोध्या के देखले के बाद उनके लागे ला कि अब आग्रह कइल जा सकेला कि दुनिया भर क सज्जों लोगि एइजा आ के रामलला क दरसन करें। ओहर प्रदेस विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना कहलें कि अजोध्या में सरल, सगुम अउर उच्च कोटि क इंतिजाम कइल गइल हौ। उहां के ओम्मेद जतवली कि आवे वाला चइत रामनौमी तिउहारो पर येही तरियर परभावसाली इंतिजाम देखे के मिली।

**********

बनारस क काशी विश्वनाथ धाम में श्रधालुअन के सुविधा बदे जर्मन हैंगर लगावे अउर मैट बिछावे क कार पूरा हो गइल हौ। गरमी के देखते जर्मन हैंगरे में सरधालुअन बदे ओआरएस घोलो क इंतजाम कइल गइल हौ। जर्मन हैंगर लगले से ललिता घाट से मंदिर चौक तक दरसन करे खातिर आ रहल सरधालुअन के छांह मिली सथहीं मंदिर क सेवादार लाइनि लगा के श्रद्धालुअन क ओआरएस क घोल नियमित रूप से पिलावल जाई। मंदिर के मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्र बतवलें कि जर्मन हैंगर में भोर से ओआरएस क इंतजाम कइल गइल हौ। सरधालुअन के सुविधा बदे मैटो बिछावल गइल हौ।

**********

भारतीय नया सालि नया संवत्सर के पूर्व संध्या पर गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में ओपेन थिएटर मंच से बिहने सांझा के सांस्कृतिक संध्या क आयोजन कइल जाई। मंदिर के प्रधान पुजारी योगी कमलनाथ बतउलें कि भारतीय संस्कृति अउर ज्ञान परम्परा में नया संवत्सरे से दुनिया क सुरूआत मानल जाला। एकरे बदे लोगिन के जागरूक करे बदे सांस्कृतिक संध्या क आयोजन कइल जा रहल हौ।

**********